

### Nu ñuy xaaymé doomu jángoroy SIDA si yaram nit ki

Nit ki nga xamne dafa am feebar sida, li doomu jángoro gi di gënë bare si deretam ñaakum CD4 di gënë gaaw, ci lolu jumtukaay yiy aar ci bepp doomu doomi jángoro dañuy yomb wáll, si at yu new mandarga yuy wané am ga feebar si di féñ.

Test yoyu ñuy def daf ñuy fiirdel ñaata doomu jángoroy SIDA mo nek si su ñu deret. Doktoor yi tam di nañ xamal seni nit yu feebar ñaata doomu gi jángoro mo nek sen yaram si xayma (wañi).

Am na fason yu bare nuñuy wañe ñaata doomu jángoy sida mo nek ci deret tu nit ki. Wayé yepp ño dañuy fiirdé ndax doomu jángoro ji nek ci deret tu nit ki bare, yam na wala tuutina. Waye bu neké doomu jángoro ji nek si deret nit ki dafa tuuti lool ken duko mënë guiss. Wañ gu néew gu wané doomu feebar gi war na tolu ci 40 wala 50 doomu jángoro gi ci fukki pacci walatu litre gu nek. Bepp test bu wané luñu guiss ci sa deret gënë new 40, dañuy wax nan kenn menul guiss doomu jángoro ji waye kenn dakul ne amo jángoro gi mën nga ko am wala nga bañ ko am ,dafay wane rekk limu doomu jángoro gi mën na nek 0 ak 39 wala diggënte 0 ak 49.

Mën am yokku te doomu jángoro gi bu fekké da nga am infection wala da nga ñakku won. li bu ame lu gën moy nga bayi benn wér nga sogga def yi test wi wane ñaata doomu jángoro gi mo nek sa yaram.

Fo mën nek si aduna, nu ñuy xaymé doomu jángoro ji benn la.

#### Xaay ma doomu jángoro san nga jël garab yiy xeex moom

Bo jëlul garab yiy tēye donj yi. sa doktor sa doktor di na la defaral test bi (xaaymal la ñaata doomu jángoro gi wara nek sa yaram). Ci li lay xool giir xam nan lay doomu jángoro gi ci yaram nit ki. ci nit ñu am benn xaayma CD4, ñoñu am xaayma doomu jángoro gi gënë bare ñooy gënë gaawa danu feebar.

Bala ngay xam war nga jël garab yi lay aar si doomu jángoroy sida, da nga wara ci ay wére yu new xool ñaata doomu jángaron gi nek senni deret xool tamit li di CD4 yi ak mandarga yuy wané febaar sida mo gi lay xala daan.

#### Ki lay xétali di la wan nan ngay jële say garab

Jëlum garab feebarum sida dina tax doomu jángoro gi nek ci deret tu nit ki di gënë néw. Bala ngay jël yi garab da nga wara guiss sa doktor mu xool la noppi. Di na la defar

ñari xaayma wute gi ci am ci lay xool giir xam doomu jángoro gi nan lay dunde si yaw.

Ñu bare ñuy jël garab gi dilen aar si gi feebar mën nañ dem ba doomu jángoro bi nek seni deret wañeku, li dina tax ba du gawa danu feebar.

Diir gi ngay jële garab yi ak doomu jángoro gi lumay newé ci deret tu nit ki mënë dem ba 6 wér.

#### Yoku yu ndaw gi doomu jángoroy sida mënë def

Ñi nga xam ne doomu jángoro gi nek si ñoom dafa néexul la guiss doomu feebar joje mënë yok tuuti tuuti dem ba 100 wala 200 doomu gi jángoro ci mini litre bo jël (100 o 200 copias/ml), dina dem ba 40/50 li nak warul tax ñu ne garab gi nit ki di jël duko facc diggè wessu wul 500 doomu jángoro gi ci fukk genn wal walat litre deret gu nek. Ci lolu munul jël genenn garab dafay delu di jël gi garab.

#### Xool ndax garab gi nit ki di jël bax na si moom wala déet

Say garab so ko jële niñ ko wala jële, xaay ma yi ñuy def ci sa deret dafay wane ne doomu jángoro ji nek sa deret dafay gënë yoku. Bu ko defe sa doktor dafa lay defaral yenn xaayma giir ñu xam bu bax yan garab nga wara jël ba sa facc mënë dem kanam.

#### Wañum doomu jángoro gi ak wállem

Xaayma gu ñuy xaayma doomu jángoro gi nek ci nit ki daf ñu wan ñaata doomu jángoro ji mo nek ci deret gi, waye duñu wan ñaata mo nek ci celul yi ak ci yenenn ni cër com kèru celul yu nek ci bopp ak yo nek ci maniiw nit ki. febaarum sèy yi tamit mënë yok xaay ma doomu jángoro ji.

Tay ji am na ay guiss guiss yu wute ci doktor yi ci wállum feebar gi bu neke xaayma doomu jángoro ji bare wul. At gi ñu wessu (enero de 2008) ay doktor suisse, dañu wax ne nit kiy jël garab bam numu ka wara jële ba xaayma gi neew ci diir 6 weer san mu am febaarum sèy koku mënë tul wáll doomu jángoro gi jëkkëram wala jabaram. Seet kat yu bare nanguñu bi guiss guiss, nek na lu dessa wër.